

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang Panalungtikan**

Bernard Berelson & Gary A. Steiner (dina Wasahua, 2017), nétélakeun yén komunikasi nyaéta proses nepikeun informasi, gagasan, emosi, atawa kamampuh ngaliwatan simbol-simbol saperti kekecapan, gambar-gambar, angka-angka jsté. Dina ngalaksanakeun komunikasi tangtu manusa miboga tujuanna sewang-sewangan. Éta tujuan téh disaluyukeun jeung kontéks pamaké basana, salian ti éta dina proses komunikasi téh kudu ningalikeun ayana ‘timbal balik’ antara panyatur jeung pamiarsa.

Dina élmu pragmatik, Sudaryat (2020) nyebutkeun yén pragmatik ngulik patalina polah basa jeung kontéks tempat lumangsungna, waktu, jeung kaayaan panyaturna, sarta hubungan ma’na kana anéka situasi omongan. Dina élmu pragmatik ogé ngulik kumaha wujud, wanda, jeung fungsi kedaling pragmatik nu bisa ngarojong kana kagiatan komunikasi sangkan teu nimbulkeun salah tapsir antara panyatur jeung pamiarsa.

Sudaryat (2020, kc. 117) nétélakeun yén wujud kedaling pragmatik kalimah didasaran ku fungsi atawa ajén komunikatif kalimah, nyaéta wawaran (*deklaratif*), pananya (*interrogatif*), paréntah (*imperatif*), jeung panyeluk (*aklamatif*). Ari ditilik tina wandana, nurutkeun Sudaryat (2020, kc. 161) kedaling omongan nu sipatna pragmatis téh aya genep rupa, nyaéta aspék sosialisasi, aspék sikep intéléktual, aspek émosi, aspék informasi faktual, aspék moral, jeung aspék ngaréngsékeun masalah. Salian ti wujud jeung wandana, tangtuna waé omongan nu sipatna pragmatis téh miboga fungsina sewang-sewangan, Sudaryat (2020) nyebutkeun yén aya opat rupa fungsi kedaling dina pragmatik, nyaéta fungsi kedaling pragmatik komisif, fungsi kedaling pragmatik impositif, fungsi kedaling pragmatik éksprésif, jeung fungsi kedaling pragmatik asértif.

Sudaryat (2020) nyebutkeun yén prosés komunikasi téh bisa maké médium vérbal (lisan jeung tulis) bisa ogé maké médium nonvérbal (isarat, kinésik). Nurutkeun Sudjiman (dina Al-Ma’ruf & Nugrahani, 2017) karya sastra mangrupa

karya lisan atawa tulis nu miboga ciri has saperti kaorisinilan, kaartistikan, kaéndahan dina unggal eusina. Nurutkeun Keraf (dina Adampe, 2015) karya sastra mangrupa wadah seni nu ningalikeun kaéndahan ngaliwatan pamakéan basa anu ngirut, variatif ogé pinuh ku imajinasi. Karya sastra réa pisan wandana, salah sahijina nyaéta novel. Nurutkeun Sudjiman (dina Sonia, 2012), novél mangrupa prosa rekaan panjang nu ningalikeun runtulan kajadian jeung latar unggal tokoh-tokohna sacara sistematis. Béda jeung carpon, eusi carita dina novél jauh leuwih panjang tibatan carpon nu ngabalukarkeun eusi caritana ogé leuwih kompléks.

Novél *Béntang Pasantréñ* mangrupa salasahiji novél Sunda nu medal di taun 2016. Novél *Béntang Pasantréñ* ogé kaasup novel nu geus diidinan dipaké pikeun pangajaran di sakola boh tingkat sakola SD/MI, SMP/MTS, jeung SMA/SMK/MA, dumasar kana Surat Keputusan Kepala Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat Nomor: 819/27496-Set. Disdik, tanggal 31 Desember 2013, (Romli H.M., 2006).

Gurat Badag eusi carita tina novél *Béntang Pasantréñ* nyaritakeun ngeunaan kahirupan santri nu hirup kumbuh di jero pasantréñ nu diwuwuhan ku kisah katresna salasahiji santri nyaéta Aép ka Imas salaku putri ajengan anu jadi rebutan lurah santri jeung santri kahot sejénna. Salian ti nyaritakeun kisah katresna antara Aép jeung Imas, dina ieu novel ogé nyaritakeun kahirupan santri nu béda jeung jaman kiwari nu geus serba modern. Novel *Béntang Pasantréñ* loba nyaritakeun kahirupan santri nu basajan, jauh tina kahirupan kota nu serba modern.

Galur carita dina novél *Béntang Pasantréñ* lamun dibaca ku nu can kungsi masantréñ mah matak nyieun panasaran kumaha rasana hirup di pasantréñ nu sagalana diwatésanan. Béda deui lamun dibaca ku nu geus kungsi masantréñ, ieu novél téh matak nyieun pikiran balik deui ka mangsa masantréñ jaman baheula anu matak nyieun sono ka pamaca. Éta hal téh saluyu jeung pamadegan Hadi Aks salasahiji pangarang di tatar Sunda dina postingan *facebook* pribadina nu nyebutkeun yén novel *Béntang Pasantréñ* mangrupa hiji-hijina novel dina sastra Sunda nu anteb ku unak-anik kahirupan di pasantréñ. Karya nu nenggang. Tegep pami diaos deui, Lur. Mulangkeun panineungan bari ngaleyepan éndah jeung romantikna dunya pasantréñ. (Aks, 2020)

Dina novél *Béntang Pasantréñ* karya Usép Romli H.M. aya sababaraha wacana atawa kalimah nu ningalikeun wujud, wanda jeung aspék-aspék kapragmatisan, contona waé

“Nu sakarola mah geus réa. Puluhan, ratusan rébu. Asupna ogé kudu téting.ka pasantréñ mah asal daék.” Saur Bapa.

(*Bentang Pasantréñ*, kc.19)

Tina conto di luhur, ditilik tina wujudna kaasup kana aspék kedaling pragmatik wawaran/déklaratif. Kedaling wawaran atawa déklaratif nyaéta konstruksi kalimah nu miboga fungsi pikeun nepikeun berita atawa informasi ka pamiarsa (Iswara & Sastraparamitha, 2019). Dina conto kalimah di luhur Bapa ngawawarkeun atawa nepikeun informasi ngeunaan fakta bédana sakola formal jeung pasantréñ saluyu jeung kaayaan sabudeureunana. Ari ditilik tina wandana, wacana di luhur kaasup kana aspék infomrasi faktual, éta hal téh saluyu jeung Sudaryat (2020, kc. 164) nu nyebutkeun yén aspék informasi faktual nyaéta nepikeun wawaran anu sipatna nyata tur bukti. Conto wacana di luhur ngébréhkeun bédana antara sakola formal jeung pasantréñ nu dipatalikeun jeung fakta nu aya di lingkungan sabudeureunana.

Ditilik tina fungsina, conto wacana di luhur kaasup kana aspék kedaling asértif. Nurutkeun Sudaryat (2020, kc. 20) nételakeun yén asértif nyaéta kalimah anu fungsina pikeun ngedalkeun bebeneran wawaran. Conto kalimah di luhur Bapa ngawawarkeun bebeneran ngeunaan kaayan sakola formal jeung pasantréñ .

Salasahiji panalungtikan ngeunaan aspék kedaling pragmatik nya éta “Aspék Kedaling Pragmatik dina Kumpulan Carpon *Kasambet* karya Ahmad Bakri (Lestari, 2019) nu medar ngeunaan wujud, wanda jeung fungsi kedaling pragmatik. Nu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nya éta sumber data atawa objék nu digunakeunana. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun sumber data novel nu miboga judul “*Béntang Pasantréñ* karya Usép Romli H.M”.

Pentingna ieu panalaungtikan nyaéta pikeun mikanyaho aspék kedaling pragmatik dina novel *Béntang Pasantréñ* karya Usép Romli H.M. Ku cara mikanyaho aspék kedaling pragmatik nu aya dina ieu novel dipiharep teu nimbulkeun salah tapsir antara maksud panulis dina carita jeung pamaca nalika

maca éta novel, sabab salah tapsir dina basa tulis hususna dina karya sastra bisa mangaruhan kana eusi carita. Nurutkeun Nurdin (2017) salah tapsir disababkeun ayana timpang tindih antara maksud nu nulis jeung pamahaman nu maca kana karya sastra. Salian ti éta, ieu novél ogé can kungsi ditalungtik saméméhna, nu ngabalukarkeun panalungtik panasaran kana ieu novél.

Dumasar pedaran di luhur, panalungtikan anu judulna “Aspék Kedaling Pragmatik dina novel *Béntang Pasantréñ* perlu pikeun dilaksanakeun.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, aya sababaraha masalah nu kaidentifikasi, salahsahijina nyaéta kurangna pamahaman nu maca kana eusi karya sastra bisa nimbulkeun salah tapsir antara nu nulis jeung nu maca, antukna ngabalukarkeun kurang efektifna kagiatan komunikasi.

Tina identifikasi masalah nu kapanggih, di handap ieu aya sababaraha rumusan masalah nu jadi cukang lantaran ieu panalungtikan, di antarana dirumuskeun saperti ieu di handap.

- a. Kumaha wujudiah kedaling pragmatik nu nyampak dina novel *Béntang Pasantréñ* karya Usép Romli H.M.?
- b. Wanda kedaling pragmatik naon waé nu nyampak dina novel *Béntang Pasantréñ* karya Usép Romli H.M.?
- c. Fungsi kedaling pragmatik naon waé nu nyampak dina novel *Béntang Pasantréñ* karya Usép Romli H.M.?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nganalisis jeung ngadéskripsiéun wujud, wanda, jeung fungsi kedaling pragmatik nu aya dina novel *Béntang Pasantréñ* karya Usép Romli H.M.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga udagan pikeun ngadéskripsiéun tilu hal, nyaéta:

- a. wujud kedaling pragmatik dina novel *Béntang Pasantréñ* karya Usép Romli

H.M.;

- b. wanda aspék kedaling pragmatik dina novel *Béntang Pasantréñ* karya Usép Romli H.M.; jeung
- c. fungsi kedaling pragmatik dina novel *Béntang Pasantréñ* karya Usép Romli H.M.

## **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaatna pikeun ngajembaran élmu pangaweruh pragmatik, hususna ngeunaan aspék kedaling pragmatik jeung dipiharep ieu panalungtikan bisa méré warna anyar dina widang élmu pragmatik.

### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep méré mangpaat pikeun sababaraha pihak, di antarana.

- a. Pikeun panalungtik, dipiharep ieu panalungtikan bisa méré pangalaman ka panalungtik ngeunaan rupa-rupa conto kedaling pragmatik dina karya sastra hususna novel.
- b. Pikeun nu maca, dipiharep ieu panalungtikan bisa nambahin referensi pikeun panalungtikan satulunya hususna dina widang kabasaan anu bisa dikomparasikeun jeung panalungtikan nu sawanda séjenna boh nu geus aya boh panalungtikan nu rék dilakukeun.
- c. Pikeun guru, dipiharep ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan pangajaran basa di sakola jeung dipiharep ieu panalungtikan ogé bisa méré pamahaman ngeunaan aspék kedaling pragmatik dina novel *Béntang Pasantréñ* karya Usép Romli H.M.
- d. Pikeun siswa, dipiharep ieu panalungtikan bisa méré pamahaman ka siswa ngeunaan aspék kedaling pragmatik sangkan siswa bisa ngalarapkeun wangun tindakan basa nu patali jeung aspék intelektual, sarta bisa maké basa saluyu jeung kontéksna sacara lisan ogé tulisan.

## 1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina nyusun ieu skripsi dibagi jadi lima bab, nyaéta diwincik saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka, eusina ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan (tujuan umum jeung tujuan husus), mangpaat panalungtikan (mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis), jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori Kedaling Pragmatik, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir, eusina ngawengku tatapakan tiori anu medar ngeunaan tiori nu patali jeung aspek kedaling pragmatik, wujud kedaling pragmatik, wanda kedaling pragmatik, fungsi kedaling pragmatik, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

Bab III Métode Panalungtikan, eusina ngeunaan desain panalungtikan, sumber data, téknik ngumpulkeun data, instrumén ngumpulkeun data, jeung analisis ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngadéskripsiun data jeung hasil tina panalungtikan ngeunaan analisis wujud, wanda, jeung fungsi aspek kedaling pragmatik dina novel *Béntang Pasantré*n karya Usép Romli H.M.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, eusina mangrupa kacindekan, implikasi, jeung rekomendasi tina hasil panalungtikan nu geus dilakukeun.